



The Commonwealth of Massachusetts

DEPARTMENT OF PUBLIC UTILITIES

ANONS

POU: D.P.U. 21-50 Lis Distribisyón Elektwonik
EFSB 21-01 Lis Sèvis

MOUN KI FÈ L Laurie Ellen Weisman, Ajan Odisyon, Depatman an
Scott Seigal, Ajan Odisyon, Depatman an
Donna Sharkey, Ajan ki Prezide, Konsèy la

KONSÈNAN: Enfòme Piblik la ak Pwosesis pou yo Patisipe, D.P.U. 21-50
Enfòme e Ogmante Patisipasyon Piblik la, EFSB 21-01
Anons sou Rankont Planifikasyon: Kesyon n ap Fokis sou yo,
Pwogram nan, ak Aspè Teknik yo

DAT: July 19, 2022 (19 jiye 2022)

KOPI POU: Mark Marini, Sekirite Depatman an
Sandra Merrick, Avoka Jeneral Adjwen, Depatman an
Joan Foster Evans, Avoka Jeneral, Konsèy la

THIS IS AN IMPORTANT NOTICE. PLEASE HAVE IT TRANSLATED. ESTE É UM AVISO IMPORTANTE. QUIERA MANDÁ-LO TRADUZIR. ESTE ES UN AVISO IMPORTANTE. SIRVASE MANDARLO TRADUCIR. QUESTA È UN'INFORMAZIONE IMPORTANTE, SI PREGA DI TRADURLA. 此为重要通知。请加以翻译。ĐÂY LÀ MỘT THÔNG BÁO QUAN TRONG. XIN HÃY DỊCH NÓ. SA A SE YON AVI ENPÒTAN. TANPRI FÈ LI TRADUI.

I. ENTWODIKSYON

Jou ki te 16 avril 2021 an, Depatman Itilite Piblik la ("Depatman an") te ouvè yon envestigasyon pou egzamine jan yo ka amelyore pwosesis ki gen rapò ak kritè nan domèn anons piblik, yon fason pou piblik la pi byen enfòme konsènan sa Depatman an ap fè e pou yo ka pi byen patisipe ladann. Pou n pi presi, Depatman an pral eksploré diferan fason pou fè anons

piblik li fè yo pi vizib e pou amelyore jan piblik la ak envestisè yo enplike nan sa y ap fè yo. Anplis de sa, Depatman an rekonèt enpòtans pou yo asire moun ki pa fò ann anglè yo jwenn okazyon pou yo patisipe nan sa Depatman an ap fè tou, selon bezwen an, yon fason pou yo konprann nan menm nivo ak moun ki fò ann anglè yo. Mete sou sa, pwosedi a (D.P.U. 21-50) pral gide Depatman an pandan 1 devlope e aplike Strateji Jistis Anviwònmantal li a.

Nan dat 1 jiyè 2021 an, Konsèy Etablisman Enèji a (“Konsèy la”) te kòmanse yon pwosedi pou egzamine ki jan 1 ka pote amelyorasyon nan kritè ki gen rapò ak anons pou piblik la, yon fason pou pi byen enfòme piblik la konsènan sa Konsèy la ap fè e pou ogmante patisipasyon piblik la ladann; yo idantifye pwosesis sa a kòm EFSB 21-01.¹

Pandan pwosedi ak Lòd sa yo, Depatman an ak Konsèy la te chèche kòmantè ekri sou kesyon ki te fèt pou ede nou ak pwochèn etap n ap bezwen suiv pou n ka ogmante patisipasyon ak enplikasyon piblik la, e ki te di se chak òganizasyon deta ki t ap detèmine ki pwochèn etap y ap suiv apre yo fin egzamine premye kòmantè yo. Depatman an ak Konsèy la gentan jwenn kòmantè sa yo, yo te egzamine yo, e yo te detèmine pwochèn etap pou yo suiv se fè yon rankont planifikasyon pou envèstisè yo pou jwenn plis kontribisyon. Rankont planifikasyon an pral fèt avèk envèstisè pou pi byen konprann 3 sijè nou dekri pi ba yo. An jeneral, pou chak sijè, youn oubyen plis moun pral pataje pwennvi yo sou sijè a pou kòmanse diskisyon an. Apre sa, Depatman an ak Konsèy la gendwa poze kesyon suivi, epi finalman yo gendwa bay nenpòt moun patisipe.

II. RANKONT PLANIFIKASYON

Pwogram pou rakont planifikasyon an pral gen ladan 1 pwen ki vin apre yo:

1. Premye sijè: Amelyore fason n kominike avèk kliyan, òganizasyon ki nan kominote a, ak ajan gouvènman lokal yo pou maksimize patisipasyon piblik la nan sa nou fè yo. Sijè sa a gendwa gen ladan 1 pwen ki vin apre yo:

¹ Depatman an evalye sèten etablisman enèji ki anba otorite pa 1 ki egziste depi anvan yo te tabli Konsèy Etablisman Enèji a an 1973 (òganizasyon ki te vini anvan Konsèy la). Konsèy la se yon òganizasyon endepandan ki twouve 1 anndan Depatman an, byenke selon regleman yo, li pa anba sipèvizon Depatman an ni 1 pa sou kontwòl li. Chak òganizasyon gen pwosesis pa 1 ki apa ki dirije fason 1 bay anons ak pratik li yo. Depatman an ak Konsèy la pral egzamine kesyon ki gen rapò ak enfòme piblik la ak patisipasyon piblik la nan chak domèn pa yo, men y ap kolabore sou kesyon de pwosedi otank sa posib, epi yo pral chèche asire konstans ant pwosedi Konsèy la suiv ak pwosedi Konsèy la suiv pou Depatman an. Mete sou sa, Konsèy la pral gen ladan 1 lòt sesyon pou pi byen rafine pwosesis Konsèy la suiv yo.

- a. Idantifye sistèm fizik oswa sistèm elektwonik ki gendwa pi byen atenn diferan popilasyon nan eta a.
 - b. Pale sou ki jan Depatman an ak Konsèy la ka byen itilize rezo sosyal pou pibliye oubyen difize anons sou depo ak odisyon piblik ("Anons").²
 - c. Diskite posiblité pou yo poste Anons sou paj rezo sosyal ak sit wèb leta yo, konpayi distribisyon yo, oswa demandè enplantasyon yo.
 - d. Diskite sou lot metòd Depatman an oswa Konsèy la ta ka anplwaye pou maksimize patisipasyon piblik la nan pwosesis pou kòmantè ak odisyon piblik yo.
2. Dezyèm sijè: Ki pi bon metòd Konpayi Distribisyon yo itilize kounye a pou kontakte kliyan (pa egzanp, Twitter, yon fèy ki tou ansanm ak bòdwo, imèl, mesaj tèks) ak ki fason yo mezire si metòd la efikas. Esplike ki jan chak nan metòd sa yo ta ka sèvi pou fè moun jwenn plis aksè ak enfòmasyon ki gen rapò ak sa Depatman an oubyen Konsèy la ap fè oswa sou enfòmasyon y ap pibliye, oswa pou enfòmasyon moun ki enterese yo sou ki jan pou yo patisipe nan sa y ap fè yo.
3. Twazyèm sijè: Èske tout anons sou pwosedi òganizasyon yo dwe jwenn menm nivo difizyon ak piblikasyon, oswa si dwe gen diferan priyorite oubyen varyasyon nan apwòch yo, yon fason pou evite chaje tèt moun oubyen fè yo pa pran sa pou anyen lè yo li anons. Si dwe gen varyasyon, diskite ki kalite pwosedi ki t ap mande pou yo pibliye l e difize 1 plis.

III. ASPÈ TEKNIK

Depatman an ak Konsèy la pral fè Rankont Planifikasyon an pa mwayen videoyo konferans sou Zoom pandan youn (oubyen plis, si sa nesesè) nan 3 jou ki vin apre yo, apati 10 è nan maten: **24, 25, 26 Out 2022**. Moun ki asiste yo ap kapab konekte avèk yon òdinatè, yon telefòn entelijan, oswa yon tablèt. Ou pap oblige telechaje lòt lojisyèl oubyen aplikasyon anvan sa. Depatman an ak Konsèy la pral bay lòt detay sou aspè teknik pou moun asiste yo lè nou fin deside ki dat presi n ap fè rankont planifikasyon an. Mete sou sa, nou pral poste materyèl ki gen rapò ak sa k ap fèt la sou sit wèb Depatman an nan

<https://eeaconline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/21-50> ak

<https://eeaconline.eea.state.ma.us/DPU/Fileroom/dockets/bynumber/EFSB21-01>.

Pou w jwenn plis enfòmasyon konsènan anons sa a oswa pou w mande pou yo ajoute w oubyen retire w nan lis distribisyon elektwonik la, tanpri, kontakte Laurie Ellen Weisman, Ajan Odisyon, nan laurie.e.weisman@mass.gov, Scott Seigal, Ajan Odisyon, nan

² Ni Depatman an, ni Konsèy la pa itilize rezo sosyal pou kounye a.

scott.seigal@mass.gov, oswa Donna Sharkey, Ajan ki Prezide, nan donna.sharkey@mass.gov. Oubyen tou, ou gendwa kite yon mesaj vokal kote w bay non w ak nimewo telefòn ou nan (617) 305-3690 (Depatman Legal Depatman an) oubyen (617) 305-3525 (Konsèy la).